## “Ájiniyaz” romanı

1. Tallıq dáryasınıń eki boyı sıǵasqan elat. Oń jaǵında Qońırat shúllik arasınan qaysı ruwlar gúreń awıl bolıp otırǵan.

**A) Teristamǵalı, Qoldawlı, Balǵalı, Qıyat, Ashamaylı ruwları**

**B) Qoldawlı, Qıpshaq, Balǵalı, Ashamaylı,**

**S) Qoldawlı, Balǵalı, Ashamaylı, Qıyat ruwları**

2. Dáryanıń eki boyı tal aralas torańǵıl bolǵanlıqtan xalıq jańa jaǵısın ne dep atadı ?

**A) Tallı jaǵıs B) Tallıq S) Shúllik**

3. Ámiwdáryanıń úlken bir shaqabı durıs kórsetilgen juwaptı kórsetiń.

**A) Tallı jaǵıs B) Shúllik S) Tallıq**

4. Sawdagerler tegin kete me? Kóli balıqqa, jeri diyqanǵa jay atawdıń laqabın sırtqa jaydı. Dáslepki jılları bul jerlerdi qanday at penen ataǵan?

**A) Mergen ataw B) Balıqshı ataw S) Boz ataw**

5. Awıl atanǵan ataw- aq otawlarǵa ılayıq, bul awıl sońına qanday atalıp ketti?

**A) Mergen ataw B) Balıqshı ataw S) Boz ataw**

6. Qosıbaydıń úlken balasınıń atı durıs kórsetilgen qatardı belgileń?

**A) Ájiniyaz B) Mátniyaz S)Xojaniyaz**

7. “Aynıǵan mollanıń aqıbeti porxan ya shayır boladı”degen xabardı Qosıbaydıń shańaraǵına kim alıp kelgen edi?

**A) Esbergen B) Esengeldi S) Mátiniyaz**

8. Gáptiń reti kelgende mektep mollasın dálkeklep bir qımtıǵan eken, nesi ayıp? Háziliń jarassa atań menen oyna! balanı qabartpa. Molla bola ma, shayır bola ma, batır bola ma, ázelden jazmıshta buyırǵanın kóreberedi... dep Ájiniyazdı jaqlap aldına túsip kelgen ǵarrı kim edi?

**A) Esengeldi B) Esbergen S) Tawmurat**

9. Ájiniyazǵa “Dushpanıńdı kóbeytpe, ónerińe jaqsı.... Mıń balıqtıń basın jegen eldiń kózi qattı boladı - degen ráwiyat bar. Qosıq jazǵanıńdı qoy balam”.. dep násiyat qılǵan kim edi ?

**.A) Qosıbay B) Esengeldi S) Nurjamal**

10. Qalıń qayǵı menen sızlaǵan sarsıq ishten bawırın kúyedey jeydi. Bul qabaǵın jar basına taslap ketken qızdıń anasınıń atı kim edi?

**A) Nurjamal B) Dárbiyke S) Nigarxan**

11. Qızdı kemede alıp qashqan jigittiń atı?

**A) Erjan  B) Tawmurat S) Sadıq**

12. Qızdıń bul jımıyıwı - táwekel dep jigittiń izine erip baratırǵan qızdıń atı kim?

**A) Dárbiyke  B) Nurjamal   S)Nigarxan**

13. Qartayǵanda tamır jańartqım keldi.Balama shúberek baslı birewin inám etsin! Jaǵıńız qarısıp qalmay, usı sálemnemeni tap-tuynaqtay etip jetkeriń dep jawshı atlandırǵan baydıń atı kim?

**A) Erjan  B) Xalmurat  S) Sadıq**

14. Qosıbaydıń til alǵısh, kewil jaqın at qosshısı, quwǵınshılarǵa basshı etip jibergen kim edi?

**A) Erjan  B) Tawmurat  S) Sadıq**

15.Úytilgen eki jas basına jettide qoydı. Sizge kelin, bizge kiyew buyırmaǵan shıǵar. Taǵdiyrge ne shara? dep Qosıbay qaysı bayǵa sálem jollaǵan edi?

**A) Erjan B) Tawmurat  S) Xalmurat**

16. Sháriyatta úsh mártebe aldınan ótiw lazım, kónbese móxminniń arzıw-halın tıńlamaǵannıń ózi káfir emespe? Qosıbay basın shayqadı.Qosıbay bul násiyatlardı kimga aytıp atırǵan edi?

**A) Ájiniyaz  B) Mátniyaz  S)Xojaniyaz**

17. Qulımbet jaǵalaǵan qaysı eldiń biyi edi?

**A) Tallı jaǵıs  B) Shúllik  S) Tallıq**

18. Bir kúni Aydostıń keypi dáship otırǵanda Qulısbet boy taslap, aǵasınan qaysı óńirdegi elattı soraǵan edi?

**A) Boz ataw  B) Balıqshı ataw  S) Mergen ataw**

19. Jaqsını jaman kiyimniń ishinde tını deydiǵoy atalarımız.Ásembay, seniń menen dos bolayıq dep, Ájiniyaz qaysı shayırdıń qatarların oqıdı?

Jáhán sheber ustadur,

Dúnya gilti kúshte dur.

Hár bende bir iste dur,

Hár kim óz halın gózler...

**A) Alisher Nawayı B) Maqtumqulı S) Muxammad Fizuli**

20. Onda jeti ashıq nege biyishke baradı.Láyli menen Májnún, Zuxra menen Tayır, YUsip penen Ziliyqalar bul dúnyada qosılmaǵan menen ol dúnyada qosıladı eken.Sonda olardıń arzıw-ármanın alla tala qabıl etken emes pe? Íqlas qalas deydi. Biziń Nigarxannıń nege muradı qabıl bolmadı? dep shabıtına mingen kim edi?

**A) Erjan  B) Ájiniyaz  S) Qosıbay**

21. Saqıw awıl dep atalatuǵın bul dúrkin awıldıń jámin jıynaǵanda, otızlaǵan shańaraq.Burıngı ata dástúrin sıylaǵan saqıwlar ǵana qaysı laqabın túsirmey kiyatır?

**A) Saqıw awıl  B) Boz ataw awıl  S) Qosıbay awıl**

22. Men bir lap aytayın. Siz .......... dan qalaysız? dep sorağan eken. Ol .......... qosıqtıń atızın orıp ketti.Bizler masağın terip júrmiz depti.Mına sóz Ájiniyazdıń qaysı shayırğa degen ıshqı, ıqlasın ğawlatıp jiberdi?

**A) Alisher Nawayı  B) Maqtumqulı  S) Muxammad Fizuli**

23. Usı bala tuwılğanda qutlı bolsınğa barğanlar Ákesine balańnıń atın ......... qoyıpsań balań bay bolar degen eken.Bul sózler kimniń ákesine qarata aytılğan edi?

**A) Ásembay B) Sháribay S) Uáyisbay**

24. Kóp jıllardan berli usı kempiri menen Ótemurat qaysı baydı ağayın pámlep sağalap esiginde diyxan júritetuğın edi?

**A) Erjan B) Qulımbet  S) Xalmurat**

25. Baydıń bul sorawına Ótemurat ızası kelip:

Kempirdi dozaq órtesede iytimdi satıp, sadaqa bere almaspan.Serkesin tisine sızlaq etsin! - dep bir túnde ılashığın eshegine artıp qaysı awılğa kóshti de ketti?

**A)  Saqıw awıl  B) Boz ataw awıl S) Qosıbay awıl**